Lembar Kerja Peserta Didik

# LKPD

BAHASA JAWA

## KANGGE KELAS XI SEMESTER I

LIVEWORKSHEETS

# CAPAIAN PEMBELAJARAN

Pada akhir fase F, peserta didik mampu mengolah, menginterpretasi, menganalisis, dan mengidentifikasi informasi berupa gagasan, pikiran, perasaan, pandangan, arahan, atau pesan yang akurat dari membaca teks sastra crita cekak dengan memperhatikan kaidah bahasa Jawa.

# ELEMEN : Membaca

# INDIKATOR KETERCAPAIAN

- Peserta didik dapat menjelaskan pengertian unsur intrinsik cerita cekak dengan tepat.
- Peserta didik dapat menganalisis unsur intrinsik cerita cekak dengan tepat.

LIVEWORKSHEETS

# TUJUAN PEMBELAJARAN

Setelah mengikuti pembelajaran dengan mengembangkan kemampuan bernalar kritis, gotong royong, dan percaya diri melalui model pembelajaran *Problem Based Learning (PBL)* dan metode *Student Teams Achievement Division (STAD)*, ceramah, diskusi, dan penugasan dengan menerapkan TPACK melalui media *Flip Book, Live Worksheet, dan Quizziz*, peserta didik dapat:

- Menjelaskan pengertian unsur intrinsic cerita cekak dengan tepat.
- Menganalisis unsur intrinsik cerita cekak dengan tepat.

LIVEWORKSHEETS

# FASE 1. ORIENTASI MASALAH

## PERTANYAAN PEMANTIK

- Punapa para siswa sampun nate maos cerita cekak ?
- Menapa irah-irahan cerita cekak ingkang sampun nate dipunwaos siswa menika ?
- Cerita cekak kanthi tema menapa ingkang sampun nate dipunwaos dening para siswa ?
- Miturut para siswa, unsur cerita cekak menika kadadosan saking unsur menapa kemawon ?

## *PRE - TEST*

Kangge mangertosi *kemampuan awal* para siswa saderengipun pasinaon, sumangga saged dipunwangsuli pitakenan wonten link menika. https://quizizz.com/join?gc=75194770

LIVEWORKSHEETS

# FASE 2. ORGANISASI PESERTA DIDIK

## MATERI FAKTUAL

## Tuladha Cerita Cekak ing Kalawarti Djaka Lodhang

26 Djaka Lodhang No. 33 ◆ 7/1/2023
Satu Pasi Ni Jumadi Akhir 1955 Ehe

Cerita Cekak

Nini Klenyem :

# AKU KUDU LUWIH NGATI-ATI



Stres....ayake.. ngono yen sembung saiki, aku ya gumun karo kenekatane bocah-bocah saiki, sing apa-apa kok njur ngambeg...mutung...nekat... mangka perkarane durung cetha. Wis ana tetang dina, pasien anyar iki dadi jejibahanku, ing bangsal Kenanga, papanku dhines.

"Piyambake rekat badhe ngilahi suster, ngebut teng mangi ageng njur srempetan kalih bis," ngono kandhane ibune sing nunggoni natilka aku ngepasi ngganti perbane dheweke.

"Lajeng perkawisipun punapa, Bu?" aku nangih.

"Boten ngertos, Sus. Sanjange rencange anak kula niku bibar regejegan kalih pacare, ning pacare niku njur kesah manthak teng Jakarta. Empun seminggu niki boten mlebet kuliyah."

Mirangka perawat, aku ayem bareng dhokter ngendika yen sikile mung pepes karo baibak bundhas ning jero ora apa-apa. Aku yakin suk yen gip-e wis dibukak dheweke mesthi enggal mari. Natilka durung seminggu neng rumah sakit, dheweke angel mangan, kepeksane kudu dakbokaleng kanthi tlaten. Stresse sajak abot. Wong angger luru mesthi ngindur.

"Ningnung....Ningnung" ngono terus....bokmenawa kuwi undang-undangane pacare. Bareng wis genep sepuluh dina, dheweke wis sadhar tenan. Ning yakuwi, dheweke aleman, gelem mangan ning kudu njaluh dulang. Semono uga wektune adus ya kudu aku sing ngelap, nganti bab iki dititeni kanca-kanca perawat sing malah banjur macokake aku karo dheweke, kandhane:

"E....e....Dina, Tamtomo pasienmu sing aleman kae wis semester akhir lho... mangka kuliyahe ing hukum, suk lek lulus dadi penjacara, aleth lho dhuwile."

"Ah, ya embuh," wangsulanku karo nglungani. Ning ya gene atiku mangkel-mangkel seneng yen dipacok-pacokake karo Tamtomo. Geneya atiku seneng yen digarapi? Apa aku ya seneng karo dheweke?

*"Tlampir tahun baru, pacar baru ni, je"* ngono panyeregese kanca-kanca yen aku lagi pas rampung ngladeni Tomo. Apa bocah iki mujudake hadhiyah kanggoku ing taun anyar sasi ngarep kuwi? Saiswene iki aku tak durung nate pacaran, embuhlah, aku ora ngerti. Sing cetha yen aku durung ndulang apa mybini dheweke dina kuwi, rasane kaya ana sing kurang. Aku rumangsa seneng yen cecedhakan karo dheweke. Jare kanca-kanca yen aku durung ketok, Tomo tansah nakokake: *"Mana Mbak Dina?"*

Saiki Tomo wis ajar miaku. Tansah aku seng djaluk ndhampingi yen dheweke ajar miaku neng sajabane bangsal. Aku ya setya ngancani, yen ngepasi dhines, kuwi rak ya mujudake tugasku ing rumah sakit. Babar pisan aku ora wani takon apa-apa, kejaba mung ndedonga jroning ati, supaya dheweke enggal pinaringan mari, lan banjur bisa bali kuliyah maneh.

Liyane kabeh tak pasrahake marang Gusti Kang Paring Urip.

Natilka tekan plataran ing sangisore wit alamandha kang ngrembuyung, Tomo ngajak lungguhan ing kursi taman, tak turuti. Karo mapan lungguh dheweke kandha:

"Dhik Dina, maturnuwun ya, dene sliramu wis kersa ngrumat aku kanthi gemati, nganti aku saiki wis ajar miaku."

Aku mangsuli nggedhekake atine:

"Wis ta Mas Tomo, sabar. Sedhela maneh panjenengan rak bisa bali kuliyah. Mula suk ra sah seneng ngebut, luwih-luwih yen penggalihe lagi mangkel utawa nalare lagi peteng, mundhak gampang nemu kacilakan."

"Jeneh pacarku kuwi nggegetake kok. Dhik, mung



26 Djaka Lodhang No. 33 ◆ 7/1/2023
Satu Pasi Ni Jumadi Akhir 1955 Ehe

Cerita Cekak

Herlina S :

# TATU

Kawit awan hahula kuhur, mendhung gumandhul ing ahasta hasuna tumetese banyu udan rinehs-rinehs. Udan grimis ndesi tandhuran ing peharangan. Udane kaya-kaya arnuneg nghumpuk ing sawijining panggonan jalaran ing papan liya katon padhang. Arejin bahal nyumingkir ing papan liya. Udan grimis iki ora bahal suwe.

Sinta lagi tata-tata ing jero kamare. Dheweke nglempiti kiambi banjur ngleboke ing koper. Ana kurang luwih patang potong klambi sing wis kemempit lan mlebu koper. Pisanti kosmetik dileboke ing tas cilik. Wedhak, gincu, masker rai, parfum, lan pisanti perawatan awak didaleboke siji sakitan cilik. Dhompet werna abang isih gumlethak ing meja rias. Sinta gage nyandhak dhompet iku banjur nliliti isine. Dhuwit atusan ewon 20 lembar wis sumlempit, kertu pendhudhuk, SIM, STNK, bendharaan, kertu ATM, kertu kredit wis komplit. Dhompet banjur ditutup rapi. Dhompet iku disleh-sleh ing tas cilik werna ungu. Sinta banjur nyandhak ponsel. Sadurunge dileboke tas, ponsel dibukak bagean Whats App utawa katelah WA. Sinta nulis ulatan kang isine ngabari dene Sinta arep mrenani Jakarta nitih sepur Sawunggalih. Kanca-kanca kang nyimpen nomer ponsele Sinta lan Sinta sija nyimpen nomer ponsele kancane iku bakal bisa maca apa kang katulis dening Sinta. Ana kang langsung mencthi kawigatosan kanthi mencthi piwales WA kanthi nyemburake donga hanggo kesalametane Sinta. Sinta mesem. Isih ana kang gati marang dheweke. Isih ana kang gelem asung panyenggrungang kanthi mencthi kawigatosan. Ponsel disipet banjur dileboake tas ungu.

"Isih kecmun ya Sa?" pitakone Sinta marang adhine, Lisa, kang lagi lewat ngarep kamare Sinta.

"Isih, Mbak! Wis siyap arep mangkat saiki pa?" Lisa nginguh mrenyang jero kamare Sinta, banjur njagong ing dhipan.

"Nunggu nala terang dhisik pa? mbak ora kesusu kok."

"Ya wis, mengko ngabari wae yen wis arep mangkat. Lisa nunggu nareng kamar ya?" Lisa menyat saka dhipan. Sikile jumangkah metu kamare Sinta tumuju kamare dheweke. Kamare Sinta lan Lisa jejeran. Lawang kamar among kacek siji setengah meter. Ing lawang kamare Lisa tinulis 'Lisa Comel'. Ora mung tulisan. Ing ngisor tulisan iku uga ana pepaesan tempelan foto lan gambar kembang. Benya manis iki lagi ngancik remaja. Ing jero kamare uga kebak tempelan foto lan gambar-gambar kembang.

Sinta lan Lisa satemene duwe kasemenpan kang padha. Kalorone seneng marang tetanduran kembang. Plataran omah ditanduri kembang-kembang kang mawarna-warna ujude. Pepak banget kepara kaya bakul kembang. Sinta lan Lisa telaten ngrumat lan ngupakara tetanduran kuwi.

"Sa, ayo mangkat!" Sinta ngajeret koper lan nyangking tas cilik loro lewat ngarep kamare Lisa.

"Iya, Mbak. Ayo dakjujugake menyang stasiun!" Lisa sing lagi ngrungokake tembang kanthi nyumpel kupinge nganggo pisanti sing jenenge headset menyat saka patunon banjur nganggo sweater rajut. Lisa tata-tata.

Montor rodha papat wis cumawis ing plataran. Sinta lan Lisa gage mlebuk lawang kendharaan. Bagasi dibukak. Lisa ngleboake koper ing bagasi, dene Sinta wis nyangking ing buri supiran. Teser-teser kendharaan ninggalake plataran tumuju stasiun. Sore iku kahanane terang. Lemah lan dalan aspal sing dilewati teles merata tenger bubar udan.

Lumrahe wong lelungan nitih sepur, tiket lan kertu identitas diliti priksa dening petugas stasiun. Calon penumpang sing wis siyanja ing barisan titi priksa ora alcth. Sinta sing wis tekan stasiun banjur tumuju barisan kuwi, dene Lisa langsung mlih.

Sepur Sawunggalih wis mapan ing peron 3. Kabeh ana 8 gerbong, klebu lokomotif. Sinta mlebu ing gerbong 2 banjur tumuju kursi nomer 12D. Sajake pancen wektune ora mepet anggone Sinta tekan stasiun. Paling ora isih ana sepuluh menit Sinta nunggu jadwal sepur mangkat. Ora gantalan suwe sepur rumambat mecaki rel wesi kang gilap amarga saben dina kagleseng rodha sepur. Alon-alon sepur ninggalake stasiun Kotanjo.

Sesawangan sore iku wis rada katon peteng jalaran wis ngancik wektu Magrib. Sinta mung bisa nyawang kelap-kelip lampu ing omah-omah utawa saka kendharaan kang lumaku ing dalan gedhe. Yen mlebu ing pategalan utawa pesawahan, kiwa tengen katon peteng, kejaba ora cetha.

"Permisi...!" ana pawongan nyanggo setelan klambi dhines lunggah ing bangku kosong nyejeri Sinta. Piyajine nganggo topi lan masker, nyangking tas ireng cilik. Dene tas sing rada gedhe wis digletakake ing bagasi.

Sinta nata awak, mingsed sethithik mepet kaca jendhela. Tangane nyropoh tas cilik banjur njupuk ponsel. Satemene ora ana sing arep dikabarake. Sinta mung gojek warta ing internet banjur maca warta kasebut, entuh ihu warta selebriti, utawa kesehatan, utawa fashion. Dejine nyureguh repudhunake layar ponsel. Pripate mencereng marang layar. Kadhang tambone umak-umik maca pawarta ing ponsel kuwi.

Aku sing marani utawa sliramu sing mbalik?" suwara saka jero ponsel. Sinta ora mangsuli. Telpon langsung maksel. Senajan disipet dening pi-yayi ing telpon.

Sinta unjal amberan dawa maneh. Dorjane kaya-kaya rubuh lan njebluk anggane. Lurung sepur sing dawa kuwi kaya nguyuyu marang dheweke awch pangece. Suwara klakson sepur sing njerit-njerit miyaki wereg kaya jerite ati kang ngrerintih. Sinta madeg dadi reca. Rada sawetara, dheweke amung mbegegeg kuwur.

"Apa aku nganggu sliramu?" Krisna nyedhaki papan lunggahe Sinta. Ora ana wangsulan saka wong wadon kuwi. Satemene penjin nyalih panggonan maneh, nanging Krisna wis lunggah ing jejere. Krisna mbacutake gumem sinambi ngulungi soklat. "Soklat iki mirunggan kanggo sliramu. Aja dilukak."

Rada sawetara Sinta nyawang bungkusan soklat kareniemane. Soklat kuwi ngelingake marang lelakon kapungkur. Jalaran seneng nyemil soklat, Krisna saben ngapeli dheweke mesthi nggawa. Nganti ing sawijining dina, Krisna kudu kandheng anggone ngapeli Sinta. Kembang



"Saya membawa bekal coklat. Apakah mbak mau coklat?"

gagapan, banjur tumungkul.

"Sejatine, aku isin marang sampeyan, Mas Krisna," lirih suwarane Sinta. Panyuwange adoh rembus turuning wektu kang wis kapungkur. Taman ati kang luwuh marang wong-wong kang bakal nerusake laku menyang Jakarta.

"Aku mudhun kene. Tulung dipenggalih. Aku lamah ngentheni kabarmu!" Krisna ngadeg banjur ngedoh saka papan kreggahe Sinta.

LIVEWORKSHEETS

# FASE 2. ORGANISASI PESERTA DIDIK

## MATERI KONSEPTUAL

### Pangertosan Unsur Intrinsik Cerkak

Unsur intrinsik cerita cekak, inggih menika unsur ingkang wonten ing salebetipun cerita cekak.

### Ingkang Kalebet Unsur Intrinsik Cerkak

1. Tema
2. *Latar* utawi *setting*
3. Alur (Plot)
4. Paraga
5. Wataking Paraga
6. *Sudut Pandang*
7. Piwulang luhur *(amanat)*

Materi ingkang langkung jangkep saged dipuntingali wonten ing ing *link bahan ajar : https://anyflip.com/evaum/rpkl/*

LIVEWORKSHEETS

# FASE 3. PENYELIDIKAN INDIVIDU / KELOMPOK

## GLADHEN KELOMPOK

### PITEDAH GLADHEN

- Kadamela kelompok kanthi cacahipun 6 siswa ing saben kelompok.
- Lenggah kaliyan kanca satunggal kelompokipun lajeng nindakaken pirembagan.
- Kawaosna cerita cekak ingkang sampun kasamektakaken
- Kaanlisisna unsur intrinsik cerkak ingkang sampun katemtokaken wonten ing perangan pitakenan lan kaandharna pawadanipun.
- Satunggal kelompok anggenipun ngempalaken cekap satunggal kemawon ananging sedaya anggota kelompok kedah paring pamanggih.
- Anggenipun mangsuli sasaged-saged ngginakaken basa Jawi ragam krama.

LIVEWORKSHEETS

# FASE 3. MEMBIMBING PENYELIDIKAN KELOMPOK

## GLADHEN

Kawaosen cerita cekak kanthi irah-irahan *“Kangen Pak Bon”* ing ngandhap menika lajeng kaanalisisen unsur intrinsik wonten ing cerita cekak menika saha pawadanipun!

### Kangen Pak Bon

(Dening Sayekti Ardiyani)

Fikri bola-bali kerut irunge. Sanajan wis nganggo masker kanggo nutupi irunge, ambune kamar mandhi tembus tekan irung.

“Parah! Kamar mandhi iki ambune pesing banget! Mung rong dina Pak Bon ora mlebu, wis reged ngene. Hah, bocah-bocah ora tau nyiram sawise pipis pa?” sambate Fikri. “Iki nembe kamar mandhi siji, kamar mandhi liyane piye ?”

Pak Bon, dadi tukang kebon lan tukang reresik ing sekolahe Fikri jenenge Pak Zaenuddin. Pak Bon wis rong dina ora nyambut gawe amarga lagi lara. Arep kepriye maneh yen Pak Bon ora langsung mlebu? pikir Fikri.

Kanthi upaya sing bisa ditindakake, Fikri pungkasane ambegan lega ing ngarep kamar mandhi. Rasane getun, kok wingi dheweke ora mlebu Pramuka tanpa izin. Sawise pelajaran, dheweke mulih. Fikri wis ora sabar ketemu Mbah Putri sing bakal teka lan nginep ing omahe wong tuwane. Ibu wis ngelingake Fikri supaya melu kegiatan Pramuka amarga Mbah Putri rawuh sore.

LIVEWORKSHEETS

Sepur nembe tekan stasiun kira-kira tabuh 16.00 WIB. Fikri sing uwis kangen karo eyange, ngeyel yen dheweke bakal methuk Mbah Putri ing omah, mula dheweke kudu mulih luwih awal.

Lha, saiki Fikri getun amarga ibune bener. Fikri kudu ngenteni suwe nganti Mbah Putri rawuh. Amarga dheweke bolos Pramuka, dheweke dihukum ngresiki kamar mandhi mambu sing ditinggalake Pak Bon. Fikri lega amarga tugase wis rampung.

Dheweke lagi wae nyruput wedang putih saka botol sing digawa nalika ana pengumuman saka pengeras suara sekolah. Kabeh siswa didhawuhi guru gugur gunung ngresiki sekolah. Saben kelas mesthi resik amarga petugas piket sregep ngresiki. Nanging, platarane katon reged banget karo godhong sing sumebar. Mangsa iki kadhangkala nggawa angin kenceng satemah godhong-godhongan terus rontok. Apa maneh koridhor sing bledug kandel lan ruwang liyane sing ora didemek petugas piket. Tetanduran ing sakubenge pekarangan uga wis garing.

"Pancen susah yen Pak Bon lagi lara. Dadi kangen karo Pak Bon," sambate Fikri. "Nembe lungguh ngaso, dikon resik-resik maneh," raine mrengut.

"Ciyee...kangen...biasane ora tau nggatekake Pak Bon," ujare Umar.

"Ewadene kanca-kanca ora kangen? Pak Bon lagi lara mung rong dina, sekolahe wis reget banget. Delengen kamar mandi, hiyy ambune ra karuan. Awake dhewe isih gumantung marang Pak Bon. Yen lara nganti pirang-pirang dina, kepiye dadine sekolahan?" pitakone Fikri.

LIVEWORKSHEETS

“Iya, saiki awake dhewe rumangsa kelangan, biasane ora perduli. Pranyata Pak Bon nduweni peran gedhe ing sekolah iki,” ujare Yoga.

“Tugas Pak Bon ora beda karo guru. Tanpa wong-wong mau awake dhewe ora kuwat,” Umar kaget.

“Dhewe nembe ngrasa yen Pak Bon ora ana,” sambunge Fikri.

“Kepriye yen sore iki tilik Pak Bon,” saran Yoga.

“Bener kuwi, kas kelas bisa kanggo tuku oleh-oleh,” sambunge Rani, bendhahara kelas sing lagi ngrungokake ora adoh saka bocah-bocah mau.

“Sarujuk, budhal sekolah langsung mrana,” Umar sing dadi ketua kelas mutusake. Rampung rembugan, bocah-bocah banjur padha metu saka kelas kanggo gugur gunung.

“Lho kok Bapak boten rawuh, kula kangen Pak,” Umar miwiti nyapa Pak Bon sawise tekan omahe budhal sekolah.

“Bapak lara, vertigone kumat maneh. Ora bisa apa-apa. Piye sekolahe?” Pak Bon kaget karo tekane bocah-bocah.

“Wah semrawut, Pak. Menawi boten wonten Bapak, sekolahe reged, Pak,” sambate Fikri.

“Dingapura, insya Allah sesuk mlebu. Alhamdulilah wis mari,” kandhane Pak Bon.

“Nyuwun sewu Pak, kita asring kesupen lan boten perduli kalihan karesikan. Bapak boten rawuh, ketingal benten sekolahan,” ujare Yoga.

“Dongakna supaya bapak ora lara maneh, bocah-bocah. Dadi bapak bisa ngurusi sekolah,” ujare Pak Bon.

LIVEWORKSHEETS

“Nanging, aku uga njaluk tulung. Bocah-bocah uga duwe tanggung jawab kanggo njaga karesikan sekolah. Yen wis biasa ngopeni lan njaga lingkungan awake dhewe mesthi kepenak sinau.”

“Nggih Pak, janji badhe langkung nggatosaken karesikan,” kandhane bocah-bocah meh bebarengan.

“Hmm... maturnuwun wis teka, dadi tambah semangate bapak,” Pak Bon mesem seneng. Bocah-bocah uga seneng bisa tilik Pak Bon.*

(kamot ing Djaka Lodang No. 07 Taun 2022 kaca 28)

LIVEWORKSHEETS

# FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

**Kelompok : .....**

**Nama Anggota : 1. .....**

**2. .....**

**3. .....**

**4. .....**

**5. .....**

**6. .....**

## Analisis Unsur Intrinsik Cerita Cekak

### Paraga lan Wataking Paraga

a. ..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

b. ..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

c. ..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

d. ..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

e. .....watakipun .....

Pawadanipun : .....

LIVEWORKSHEETS

# FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

**Paraga lan Wataking Paraga**

g. ..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

h..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

LIVEWORKSHEETS

# FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

**Paraga lan Wataking Paraga**

g. ..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

h..... watakipun .....

Pawadanipun : .....

LIVEWORKSHEETS

# FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

Sumangga sesulih saking kelompok saged maosaken asiling pirembagan kelompok wonten ing ngajeng kelas.

LIVEWORKSHEETS